

lpps.or.id

57 tahun



"Membina dan mengader pelayan-pelayan gereja yang berintegritas, berakar dalam firman, dan memiliki semangat pelayanan Kristus"

Kompleks LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng
Samironobaru No. 77, Kompleks LPPS Yogyakarta
2025

Bahan Khotbah HUT LPP Sinode ke 57**Kristus, Raja yang Membawa Keselamatan****Minggu, 23 November 2025**

Waosan I: Yeremia 23:1-6
Tanggapan: Mazmur 46
Waosan II: Kolose 1:11-20
Waosan Injil: Lukas 23:33-43

KHOTBAH JANGKEP BAHASA JAWA**SANG KRISTUS RATUNING KAWILUJENGAN**

Pasamuwan ingkang dipun tresnani déning Gusti,

Kita sami mbetahaken pamimpin (wonten ing masyarakat utawi wonten ing greja) ingkang saged ngayomi, mimpin kanthi wicaksana lan sumadya berkurban kanggé kasaénanipun masyarakat ingkang dipun pimpin. Kadosdéne pangèn ingkang kanthi kendel njagi ménda-méndanipun saking sadaya bebaya. Kadosdéne betheng ingkang kiyat lan aman tumrap tiyang ingkang ngayom/ngungsi ing saklebetipun. Kadosdéne ratu ingkang sembada lan wicaksana, ingkang tansah mujudaken kaadilan tumrap sadaya rakyatipun.

Ratu ingkang boten saged ngayomi lan boten saged mujudaken karaharjaning gesang punika boten badhé dipun pitadosi lan dipun andelaken déning rakyatipun. Sinaosa mbok manawi taksih jumeneng ratu ananging boten dipun ajèni lan dipun urmati déning rakyatipun. Pamimpin ingkang boten saged mujudaken shalom (tentrem rahayu lan kawilujengan) ing negarinipun mesthi gampil dipun kawonaken déning para mengsahipun.

Pasamuwan kagunganipun Sang Kristus,

Nabi Yeremia nélakaken pangandikanipun Gusti dhateng para pangen ingkang njalari ménda-méndanipun sami tumpes lan kocar-kacir. Sadaya punika amargi para pangèn

nglirwakaken tanggal jawabipun. Para pangèn punika dados gambaranipun para pamimpining bangsa, inggih punika para ratu lan pangarsaning Kraton Yehuda, ingkang njalari bangsanipun nandhang kasisahan lan kacilakan. Saklajengipun, Gusti Allah nandhesaken bilih Panjenenganipun badhé ngempalaken malih ménda-ménda (umat) ingkang sinebar, lan dipun wangsulaken malih dhateng negarinipun dupados saged tangkar tumangkar.

Gusti prasetya badhé nuwuhaken Tunas ingkang adil, inggih punika turunipun prabu Dawud, ingkang badhé ngerèh umatipun Gusti. Tunas ingkang adil punika badhé ndhatengaken kawilujengan lan tentrem rahayu tumrap bangsa Yehuda dalah bangsa Israel, badhé nyatunggilaken kekalihipun. Panjenenganipun badhé sinebat “Pangéran, Juru Slamet kita” (ayat 6).

Tumrap tiyang Kristen, Tunas ingkang adil punika dipun pitadosi sampun dipun tetepi wonten ing Sang Kristus Yésus. Gusti Yésus punika Tunas ingkang adil, turunipun prabu Dawud. Gusti Yésus punika, Juru Wilujeng kita. Panjenenganipun paring piwucal lan tuladha bab kaadilan, kawicaksanan, kasetyan ingkang dhatengaken kawilujengan lan tentrem rahayu tumrap umatipun.

Kadosdéne pamecanipun Nabi Yeremia bab Tunas ingkang adil punika, rasul Paulus nélakaken pangakenipun bilih Gusti Yésus punika gambar/citranipun Allah ingkang boten katingal, ingkang pambajeng, ingkang utama. Gusti Yésus punika Sesirahing pasamuwan, dados pantara ing antawisipun Allah lan manungsa. Kanthi pangaken (konfesi Kristologis) punika, para pitados saged mangretos bilih Sang Kristus punika citranipun Gusti Allah piyambak, Sesirahing pasamuwan lan gesangipun. Para pitados tansah ngugemi kapitadosan dhumateng Sang Kristus lan nampi panebusan lan kawilujengan. Gusti Yésus punika dados Pemimpin utawi Sesirah ingkang mimpin, nyatunggilaken lan milujengaken umatipun.

Kadosdéne Nabi Yeremia, rasul Paulus lan Juru masmur nggambaraken Gusti Allah minangka kitha betheng ingkang kiyat, ingkang saged ngayomi lan nebihaken saking bebaya. Pramila Gusti Allah punika Pamimpin ingkang nguwalaken umatipun

saking panandhang lan kasisahan. Gusti Allah paring shalom (tentrem rahayu) dhateng sadaya umatipun.

Para sadhèrèk ingkang kinasih,

Pakaryan salib ingkang nggegirisi punika saèstu nelakaken bab ingkang wigati: satunggaling pangaken bilih Gusti Yésus Kristus punika Ratu! Pangaken punika kawedal saking pocapanipun satunggaling penjahat ingkang kaukum sesarengan kaliyan Gusti Yésus. Sinaosa naté nglampahi bab ingkang awon ananging tiyang punika ngrumaosi kalepatanipun lan nélakaken raos urmat dhumateng Gusti lan ngakeni Panjenenganipun punika Ratu ingkang paring kawilujengan.

Saking aturipun para imam dalah pamimpin Yahudi, para prajurit saha satunggaling durjana ingkang sinalib sesarengan kaliyan Gusti Yésus, sejatosipun sampun ketinggal bilih Gusti Yésus punika kagungan panguwaos. Ananging bab punika dipun lairaken kanthi pamoyok, sanès pangaken. Saèstu narik kawigatosan, durjana ingkang mbelani Gusti Yésus punika boten nyuwun dipun slametaken saking paukuman salib. Piyambakipun namung nyenyuwun supados Gusti Yésus kepareng émut dhateng piyambakipun, “Dhuh Yésus, mugi panjenengan karsa ngèngeti dhateng kawula, manawi Panjenengan rawuh jumeneng Raja” (ayat 42).

Para sadhèrèk, ing salebeting pakaryan Salib kita pinaringan kawilujengan ingkang sejati. Lumantar pangurbananipun Sang Kristus, kita pinanggih kaliyan Ratu ingkang saged paring kawilujengan, boten namung ngayomi ananging karsa ngurbanaken sariranipun kanggé kita. Wonten ning Sang Kristus, kita manggihi Pamimpin ingkang mimpin, nyatunggilaken lan milujengaken umatipun.

Para sadhèrèk ingkang kinasih,

Mungkasi Taun Liturgi punika, ing Minggu Kristus Raja, kita sami nampi piwucal supados tansah ngandelaken Gusti minangka pamimpining gesang kita. Wonten ing salebeting perjuangan ing gesang ingkang sangsaya awrat saha kawontenan ingkang boten gumathok, kita kaènetaken bilih gesang kita punika sanès gesang ingkang tanpa arah. Kita lumampah sesarengan kaliyan para kagunganipun Gusti kanthi

dipun pimpin déning Gusti. Wonten ing Sang Kristus, Ratu sumbering kawilujengan, Gusti Allah tansah ngayomi lan paring kekiyatan supados kita saged nglajengaken lelampahan ing gesang punika.

Sabdanipun Gusti punika ugi nyantosakaken pasamuwanipun (gréja). Ing ngadhepi rupi-rupi pepalang lan panandhang, kapitadosan kita kiniyataken amargi kita sadaya punika kagunganipun Gusti. Pramila Gusti badhé tansah nuntun lan ngayomi gesang kita supados saged mujudaken Kratoning Allah. Gusti Allah piyambak ingkang badhé nyawisaken punapa ingkang dipun betahaken déning umatipun. Greja kedah tansah pitados dhumateng Sang Kristus minangka Pamimpin lan Sesirahipun. Mungkasi taun liturgi punika, sakderengipun kita lumebet ing mangsa Adven ingkang kebak pangajeng-ajeng, sumangga sami ngundhangaken kapitadosan kita: Sang Kristus punika saèstu Raja! Panjenenganipun ingkang ngayomi, ngiyataken lan milujengaken kita! Amin

**Tata Ibadah Minggu Kristus Raja
HUT ke-57
Lembaga Pembinaan dan Pengaderan Sinode GKJ
lan GKI SW Jateng**

“Sang Kristus, Ratu ingkang Ngasta Kawilujengan”

Katrangan

PS: Pelados Sabda

Psw: Umat

PL: Pelados Liturgi

P: Pradata (Pnt/Dkn)

PECAWISAN

- Juru Musik ngungelaken tetembangan gerejawi
- Pamaosing warta pasamuwan déning pradata
- Prosesi lilin (*Pradata nyumet lilin*)
- Pasamuwan lumebet ing wekdal Ening sacara pribadi

A. PASAMUWAN NYAWIJI (pasamuwan lenggah)

PL: Para sadhèrèk ingkang kinasihan déning Gusti, Yésus Kristus punika Ratuning jagad. Panjenenganipun ingkang ngasta kawilujengan dhateng sedaya titahipun. Wonten ing Sang Kristus, Gusti Allah dhawuh lan nguwaosi jagad kanthi ngayomi, nuntun, lan ngregem gesang umatipun ing kayektèn lan kaadilan. Dinten punika gréja-gréja ing saindhengin jagad ngluhuraken Panjenenganipun Sang Ratuning gesang lumantar ibadah Minggu Kristus Raja Semesta Alam. Sumangga kita sami ngriyaya kawilujengan ingkang sampun kebar lumantar Panjenenganipun, Sang Ratuning kamulyan.

Kidung Pasamuwan (pasamuwan Jumeneng)

KPJ 16:1-3 “Langit Tansah Nyariosken”

- 1) Langit tansah nyariyosken kamulyane Hyang Agung, wah akasa mratelakken yasaning astanipun.
Rinten dalu tan kendhat, wartanya ngebakirat.
- 2) Sanadyan datan wicanten tan wonten tetembungan,

ning samangsa dèn tilingken tansah nggunggung Pangéran.

Paseksinya nyrambahi ing salumahing bumi.

- 3) Pangéran murbéng jagad-rat kang ngrimati pra titah.
Surya kang mlampah tan kendhat, nggih krana rèhing Allah.
Saliring kang dumadi nélakken sihing Gusti.

Votum

PS: Pitulungan kita punika ing asmanipun Gusti, ingkang akarya, milujengan lan ngrimati sedaya ingkang katitahaken.

Psw: **(ngidungan) Amin, amin, amin**

Salam

PS: Gusti nunggil sadhèrèk sedaya

Psw: **Lan nunggil ing panjenengan**

Pambuka

(Pasamuwan Lenggah)

PL: Punapa ingkang kagalih ing pangangen-angen kita nalika mireng tembung Ratu? Satunggaling ratu ingkang kagambaraken minangka piyayi ingkang nggadahi pangribawa, ngédap-édapi, sugih sarta dikupeng déning para punggawa. Ananging menawi nyawang Gusti Yésus, kita mboten manggihaken gegambaran ingkang mekaten, senajan Panjenenganipun punika Ratuning jagad. Kepara Gusti Yésus nedahaken minangka piyayi ingkang prasaja, kersa srawung kalih sinten kémawon, andhap asor lan kebak ing pangapuntèn. Kanthi cara mekaten, gesang punika katunggilaken ing pangrengkuhing katresnan.

Jejer ibadah Minggu Kristus Raja Semesta Alam dinten punika “Kristus, Ratu ingkang ngasta Kawilujengan”. Ing salebeting ibadah punika kita ugi ngaturaken panuwun sokur awit sih nugrahanipun Sang Ratu dhateng gréjanipun, mirungan tumrap GKJ lan GKI SW Jateng. Lumantar kalih Sinode punika, Gusti Allah mbangun adeging Lembaga Pembinaan dan Pengaderan utawi

ing kang kasebat LPP Sinode. Ing tahun punika LPP Sinode jangkep umur 57 tahun. Mugi-mugi lampahing kalih Sinode ing salebeting nindakaken pembinaan lan pengkaderan sangsaya nyagedaken umatipun Gusti sami tansah mbangun turut lan nedahaken kasetyanipun dhumateng Gusti Yésus Kristus, Sang Ratuning Jagad.

Kidung Pasamuwan

KPJ 404:1, 4 Gusti Yésus Ratu Adil

- 1) Gusti Yésus Ratu Adil, panetep panata gami
kang mengku sajagad rat.
Sagung ilat badhé nyebut,
sakathahing dhengkul sujud
mring Gustining praumat,
mring Gustining praumat.
- 4) Mila sampun ta semados, mbok inggih samnya pitados
mring Gusti Ratu kita.
Pinundhia trus ing batos,
de Kang Kwasa karsa dados
Juru Pamarta kita
Juru Pamarta kita

Pandong Pangakening Dosa

PL: Para sadhèrèk, Kristus Sang Ratuning Jagad ngersakaken sedaya titahipun nampi kawilujengan. Kawilujengan kebakar ing salebeting gesang sesarengan lumantar sami bangun lan sami njagi setunggal lan setunggalipun. Kita mangertosi bilih kanggé mujudaken perkawis punika kabetahaken kekiyatan lan pambudidaya. Kita mangertos bilih manéka werni cacat lan dosa saged njalari sirnaning rancangan kawilujenganipun Gusti Allah. Ing ngarsanipun Ratuning jagad, sumangga kita sami nyuwun sih pangapuntenipun. Tansaha dedonga lan nyuwun kawelasanipun Gusti Allah ingkang sampurna.

Gusti Yésus, Paduka punika Ratuning Jagad, ingkang sampun akarya, milujengaken lan ngrimati sedaya titah,

Paduka kersaa paring pangapunten dhumateng pasamuwan Paduka ingkang nglampahi dosa punika.

Psw: **Sang Ratu Kamulyan, Paduka welasi kawula.**

PL: Paduka punika Allah ingkang sampun mbabar sih nugrahaning kawilujengan lumantar pakaryan ing redi Golgota. Paduka welasi kawula menawi taksih owel andum kanugrahan ingkang Paduka paringaken dhateng titah sanèsipun.

Psw: **Sang Ratu Kamulyan, Paduka welasi kawula.**

PL: Dhuh Gusti Yésus, Paduka punika Ratuning jagad ingkang wungu saking jagading pepejah lan sampun pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama Ingkang Mahakawasa. Ing pungkasaning jaman, Paduka badhé rawuh malih lan ngadili saha nganyaraken sedaya ingkang sampun katitahaken, supados kawula sami kasagedaken ngriyaya gesang lan mapag pejah ing jagad punika ing salebeting kapitadosan, pangajeng-ajeng lan katresnan. Dhuh Sang Kristus, Gusti kawula, Paduka welasi kawula lan namung dhumateng Paduka kawula dedonga

Psw: **Amin**

Kidung Pasamuwan

KPJ 44:1-3 “Aku Wong Kang Dosa”

- 1) Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti, temahan den sucekna, srana rahe kang suci.
Reff:
Sang Kristus Gusti, Panebus yekti.
Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur
- 2) Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka ingkang saged ngluwari kawula saking dosa. Reff:
- 3) Nggen kula nyenyuwun kang dados landhesan dede labet kawula, nggih namung sih Paduka. Reff:

Pawartos Sih Rahmat (Pasamuwan Jumeneng)

PF: Sang Kristus, Ratuning kawilujengan sampun nélakaken sih nugrahanipun. Sakpunika tampènana Pawartos Sih Rahmat saking Gusti kados ingkang kaserat ing Kolose 1:13-14, "Panjenengané wus ngluwari kita saka panguwasaning pepeteng, kaelih menyang kratoné Sang Putra kang kinasih. Ana ing Panjenengané anggon kita nduwèni tetebusan, yaiku pangapuraning dosa. Mekaten Pawartos Saking Gusti

Psw: **Puji Sokur konjuk Gusti**

Kidung Pasamuwan

KPJ 23:1-3 "Puji Mring Allah"

- 1) Puji mring Allah, Pangéran Kang Mahawisesa.
Muji ramya, binarung lan sawernining gangsa.
Pangidungnya klayan bingah ing manah,
nggunggung Gustining pratitah.
- 2) Puji mring Allah kang sèstu adil pangrèhira.
ngreksa lan ngrimati srana lubèring berkahnya.
wah saklangkung gung sihnya mring tyang dosa.
tinebus temah waluya.
- 3) Puji mring Allah kang sung tentrem-raharja nyata.
tansah ngganjar begja mring tyang kang sèstu pracaya.
dadya dilah, andel-andel satuhu.
Pujinen lan trusing kalbu!

B. PELADOSAN SABDA

Donga Peladosan Sabda

(Pasamuwan Lenggah)

(PS ngunjukaken pandonga)

Pamaosing Kitab Suci

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan kapendhet saking Yeremia 23:1-6
Mekaten Sabdanipun Gusti

Psw: **Puji Sokur konjuk Gusti**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita sami nanggepi Sabdanipun Gusti, kanthi maos Jabur 46 (Maos *Jabur 46*).

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking Kolose 1:11-20
Mekaten Sabdanipun Gusti

Psw: **Puji Sokur konjuk Gusti**

Pamaosing Injil

PF: Waosan Injil, kapendhet saking Lukas 23:33-43
Mekaten Injilipun Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan dipunrimati ing gesangipun. Haleluya.

Psw: **(ngidungaken HALELUYA)**

Khotbah

“Sang Kristus, Ratu ingkang ngasta Kawilujengan”

Wekdal Ening**Pangakening Pitados Rasuli (Pasamuwan Jumeneng)**

P: Sumangga sami jumeneng lan kanthi
Marilah dengan bangkit berdiri dan penuh penghayatan, bersama seluruh umat Allah, kita mengucapkan ikrar percaya kita yaitu Pengakuan Iman Rasuli yang demikian.....

Psw: (kaucapaken sesarengan)

Donga Safaat**(Pasamuwan Lenggah)**

(PS ngunjukaken pandonga safaat kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula)

Psw: (donga safaat kapungkasan kanthi
ngucapaken/ngidungaken “Donga Rama Kawula”
sesarengan.)

C. PELADOSAN PISUNGSUNG

Nas Pisungsung

P: Pangrimatipun Gusti nyata ing gesang kita. Pramila sumangga sesarengan kita ngaturaken pisungsung ingkang mekaten: “Padha ngunjukna panuwun ing sabarang kang tinemu, awit iku kang dikarsakake déning Gusti Allah ana ing Sang Kristus Yésus tumrap kowe.(1 Tesalonika 5:18). Kanthi kebak ing pangucap sokur sumangga kita memuji asmanipun Gusti.

Kidung Pasamuwan

KPJ 157:1-3 “Caosna Pisungsungmu”

- 1) Caosna pisungsungmu aneng pasamuwan
klayan lilaning ati, klawan legawa.
Aturna pisungsungmu kanthi suka rena.
Reff:
Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.
- 2) Kamirahaning Gusti tanpa tinandhingan
sarana samubarang saisining bumi,
jer sih-rahmating Gusti tansah binabar. Reff:
- 3) Pisungsung kagem Gusti dadia sarana
amrih kratoning Allah enggal kelampah.
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring. Reff:

Pandongga Pisungsung

(Pasamuwan Jumeneng)

(Prd ngaturaken pandonga pisungsung)

Prd: Gusti Yésus, Ratuning jagad, Paduka ingkang kagungan sedayanipun. Kawula ngaturaken panuwun awit sih palimirma ingkang Paduka paringaken. Sesarengan kaliyan Panyerat kitab Wulang Bebasan kawula dedonga mekaten: Dhuh Allah, kalih prakawis ingkang kawula suwun dhumateng Paduka, mugi sampun Paduka tampik, kaparingana saderengipun kawula pejah, inggih punika: Kaculikan saha doracara mugi Paduka tebihaken saking kawula, punapa malih sampun Paduka ganjar kamlaratan utawi kasugihan, namung kaparingana rejeki ingkang

dados panduman kawula. Supados menawi kawula tuwuk, sampun ngantos selak dhateng Paduka kaliyan wicanten: Pangéran Yéhuwah iku sapa? Utawi menawi kacingkrangan sampun ngantos purun nyolong, satemah nyawiyah dhateng asmanipun Gusti Allah kawula. (WB 30:7-9). Maturnuwun Dhuh Gusti, Sang Ratuning kamulyan. Wonten asmanipun Gusti Yésus Kristus kawula dedonga

Psw: **Amin**

D. PANGUTUSAN

Kidung Pasamuwan

KPJ 452:1+2 “Tekading Manah Kawula”

- 1) Tékadining manah kawula tansah ndhèrèk mring Gusti, yéku Panutan sanyata, nggih Panebus sejati.
Reff:
Margining salib ingambah,
mbangun turut mring Allah.
Mbabarken tresna sejati,
mrih jagad tentrem basuki.
- 2) Kula sèstu ndhèrèk Gusti ngantos slami-laminy, martosaken Injil Suci, dimèn samya waluya. Reff:

Pangutusan

PS: Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti.

Psw: Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti.

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus.

Psw: Puji Sokur konjuk Gusti

PS: Pinujia Allah

Psw: Sapunika dumugi selaminipun.

Berkah

PF: Muga-muga Gusti Allah, etuking pangarep-arep, maringana ganjaran marang kowé kabèh sagunging kabungahan sarta tentrem rahayu ing sajroning pracayamu, supaya kowé padha sugiha pangarep-arep marga saka sawabé Sang Roh Suci. Amin

Psw: *(ngidungaken)* **Haléluya! (5x), Amin! (2x)**